दिन–रविवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　**दिनांक–12.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

एनडीए मे सीटक बटवारा के लऽकऽ एखन धरि अंतिम निर्णय नहि भऽ सकल अछि। भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी नड्डा के आवास पर आइ भाजपा कोर कमिटि के बैसक भेल। बैसक मे केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह सहित पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह। एम्हर सीटक बटवारा के अंतिम रूप देबाक लेल आइ सांझ सेहो भाजपा मुख्यालय मे पार्टीक केन्द्रीय चुनाव समिति के बैसक आयोजित कयल गेल अछि। एहि बैसक मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी. नड्डा, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह, केंद्रीय गृह राज्य मंत्री नित्यानंद राय आ भाजपाक बिहार चुनाव प्रभारी धर्मेन्द्र प्रधान, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित कतेको वरिष्ठ नेता सम्मिलित हेताह।

---

महागठबंधन में सीटक बंटवारा पर कोनो अंतिम निर्णय एखनधरि नहि भऽ सकल अछि। राजद, कांग्रेस, वीआईपी आ वामपंथी दलक नेता लोकनिक मध्य सीट के लऽकऽ कतेको दौर के वार्ता भेल अछि। दिल्ली हवाई अड्डा पर महागठबंधन मे सीटक बंटवारा क विषय मे पूछल गेला पर राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद कहलनि जे एखन घटक दल सभ सँ गपशप चलि रहल अछि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता आ सचेतक भाई वीरेंद्र कहलनि जे महागठबंधन मे सभ किछु सामान्य अछि आ सीटक शीघ्रहि घोषणा कऽ देल जायत। ओतहि राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टी के प्रमुख पशुपति कुमार पारस कहलनि अछि जे चुनाव मे हुनक पार्टी गठबंधनक संग लड़त अथवा एसगर चुनाव मे उतरत, एकर निर्णय एक सँ दू दिन मे भऽ जायत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पंद्रह अक्टूबर के नमो ऐप के माध्यम सँ बिहार भाजपाक बूथ स्तर के पार्टी कार्यकर्त्ता लोकनि सँ संवाद करताह। एहि कार्यक्रमक नाम **मेरा बूथ सबसे मजबूत** देल गेल अछि। श्री मोदी एक सोशल मीडिया पोस्ट पर एकर जनतब दैत कार्यकर्त्ता लोकनि सँ एहि मे भाग लेबाक अनुरोध कयलनि अछि।

——————————————————————

बिहार विधानसभा चुनावक घोषणा भेलाक बाद सँ राजनीतिक दल सभक नेता लोकनिक पाला बदलबाक क्रम लगातार जारी अछि। राजद के दू विधायक– नवादा जिलाक विधायक विभा देवी आ रजौली सँ विधायक प्रकाशवीर पार्टी सँ त्यागपत्र दऽ देलनि अछि। विभा देवी राज्यक पूर्व मंत्री आ नवादा के पूर्व विधायक राजबल्लभ यादव के पत्नी छथि। दुनू विधायक के एनडीए के टिकट पर विधानसभा चुनाव लड़बाक संभावना अछि। त्यागपत्र के बाद संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे विभा देवी आरोप लागौलनि जे हुनका राजद मे उचित सम्मान नहि भेटल अछि।

——————————————————————

जमीनक बदला नौकरी घोटाला मामिला मे काल्हि होबऽवला सुनवाई के लेल राजद अध्य़क्ष लालू प्रसाद आ तेजस्वी प्रसाद यादव आइ दिल्ली पहुचलाह। विदित अछि जे सीबीआई के विशेष अदालत पचीस अगस्त के सुनवाई के बाद फैसला सुरक्षित राखने छल।

——————————————————————

कांग्रेस नेता अखिलेश प्रसाद सिंह कहलनि अछि जे महागठबंधन मे सीटक बटवारा पर कोनो समस्या नहि अछि। श्री सिंह आइ दिल्ली मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे आ राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक मध्य गपशप के बाद सभ सीट फाइनल कऽ लेल गेल अछि। ओ कहलनि जे एक सँ दू दिन मे सीट पर अंतिम सहमति बनि जायत।

——————————————————————

जदयू नेता राजीव रंजन प्रसाद दावा कयलनि अछि जे बिहार विधानसभा चुनाव मे राजद के एहि बेर दू हजार दस के चुनाव सँ सेहो कम सीट भेटत। श्री प्रसाद आइ पटना मे कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे एनडीए स्पष्ट बहुमत के दिस बढ़ि रहल अछि। एनडीएक सभ घटक दल एकजुट अछि आ नीतीश कुमारक नेतृत्व मे एक बेर पुनः राज्य मे सरकार बनत।

——————————————————————

विधानसभा चुनावक दोसर चरण मे एगारह नवंबर के बीस जिला के एक सय बाईस विधानसभा क्षेत्र मे होबऽवला चुनावक लेल अधिसूचना काल्हि जारी होयत। एकर संगहि नामांकनक प्रक्रिया सेहो शुरू भऽ जायत। दोसर चरणक लेल प्रत्याशी बीस अक्टूबर धरि नामांकन दाखिल कऽ सकैत छथि। एकैस अक्टूबर के नामांकन सभ जांच कयल जायत। ओतहि, तेईस अक्टूबर धरि प्रत्याशी अपन नाम आपस लऽ सकैत छथि।

———————————————————

चुनाव आयोग विधानसभाक दोसर चरणक अंतर्गत होबऽवला एक सय बाईस विधानसभा क्षेत्र मे मतदाता सूची मे नाम जोड़बाक प्रक्रिया पर अंतरिम रोक लगा देलक अछि। आयोग कहलक अछि जे आब मतदाता सूची मे कोनो परिवर्तन आ संशोधन नहि होयत। दोसर चरणक अंतर्गत होबऽवला क्षेत्र सभ मे चुनाव परिणाम अयलाक बादे किनको नाम जोड़ल अथवा संशोधित कयल जायत।

———————————————————

दरभंगा समाहरणालय मे विधानसभा चुनावक तैयारी के लऽकऽ स्वीप कोषांग के बैसक जिला निर्वाचन पदाधिकारी कौशल कुमार के अध्यक्षता मे आयोजित कयल गेल। बैसक मे जिला निर्वाचन पदाधिकारी सभ महिला सुपरवाईजर के निर्देश देलनि जे ओ आंगनबाड़ी सेविका आ सहायिका के संग समन्वय स्थापित कऽ मतदाता लोकनि के मददानक लेल जागरूक करथि।

कटिहारक सात विधानसभा क्षेत्र मे काल्हि सँ नामांकन प्रक्रिया शुरू होयत। जिला पदाधिकारी मनेश कुमार मीणा जनौलनि जे जिलाक सात विधानसभा क्षेत्र– प्राणपुर, बरारी, कटिहार, कदवा, कोडहा, बलरामपुर आ मनिहारी मे नामांकन प्रक्रिया के तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि।

———————————————————

समाप्त